# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

देस में नया गठित अट्‌ठारहवीं लोकसभा क पहिला सत्र चउबीस जून से सुरू होई। येह सत्र में नया चुनल गइल सदस्यन क सपथ, अध्यक्ष क चुनाव अउर राष्ट्रपति क अभिभाषण पर चरचा होई जबकि राज्यसभा क दुई सौ चौसठवां सत्र क सुरूआत सत्ताईस जून के होई। ई संसद सत्र अगिला महिन्ना यानि तीन जुलाई के पूरा होई। केन्द्रीय संसदीय मामिलन क मंत्री किरेन रिजिजू कहले हवें कि देस क जनता फैसिला ले चुकल हौ अउर अब देस क सेवा बदे कार कइल हमार कर्तव्य हौ। श्री रिजिजू कहले कि एक सौ चालीस करोड़ भारतीय लोगिन क ओम्मेदन के पूरा करे क चरचा बदे संसद एगो आदर्स मंच हौ।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी (एनटीए) नीट (यूजी) परीक्षा दुइ हजार चउबिस के नतीजा क घोषणा के बाद अक्सर पूछल जाए वाले सवालन क एगो प्रश्नावली जारी कइले हौ। येह महीना क चार तारिख के घोषित कइल गइल नीट क नतीजन में कथित विसंगतियन के देखि के ही प्रश्नावली जारी कइल गइल हौ। परिक्षार्थियन के समय क नोकसान बदे कृपांक देवे में सिकायत निवारण समिति क भूमिका पर एजेंसी कहले हौ कि एगो समिति क गठन कइल गइल रहल अउर समिति तथ्यात्मक रिपोर्टन के हिसाबि से सिकायतिन पर विचार कइलस। केहू परिक्षार्थी परीक्षा में सात सौ अट्‌ठारह अउर सात सौ ओन्नईस अंक कइसे पा सकेलें। येह सवाल के जवाब में एजेंसी साफ कइले हौ कि कृपांकन के नाते दुइ परीक्षार्थियन के सात सौ अट्‌ठारह अउर सात सौ ओन्नइस अंक मिलल। एजेंसी इहो साफ कइले हौ कि खाली एक हजार पांच सौ तिरसठ परीक्षार्थियने के उनके समय के नुकसान क भरपाइ बदे कृपांक दिहल गइल। केन्द्रीय सिक्षा मंत्रालय नीट परीक्षा में एक हजार पांच सौ से बेसी परीक्षार्थियन के दिहल गइल कृपांक क समीक्षा बदे चार सदस्यन के पैनल क गठन कइल गइल रहल।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु शहजहांपुर के दौरा पर पहुंचलिनि। एकरे बाद सफाई नायकन बदे आयोजित सम्मान समारोह में सामिल भइलिन। कार्यक्रम में राज्यपाल सफाई नायकन क हौसिला बढ़वलिन। येह मौका पर भाजपा क अधिकारियन के साथे कई गो कार्यकरतो मौजूद रहलें। एइजा से राज्यपाल बरतारा क विनोवा आश्रम गइलिन जहवां आश्रम के लाइब्रेरी क सुभारंभ कइलिन। राज्यपाल क आगमन के ले के सुरक्षा क पुरहर इतिजाम कइल गइल रहल।

**********

एक जुलाई से तीनि गो नया कानून लागू हो जाई। भारतीय दण्ड संहिता–आईपीसी क जगहि अब भारतीय न्याय संहिता बीएनएस लेई। भारतीय दण्ड प्रक्रिया संहिता सीआरपीसी क जगहि भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता–बीएनएसएस अउर इण्डियन एविडेंस एक्ट–आईईए क जगहि भारतीय साक्ष्य अधिनियम लेई। नया कानून के लागू भइले के बाद जवन धारा अपराध क पहिचान बनि चुकलि हइनि, ओहू में बदलाव होई। जइसे हत्या बदे लगावल जाये वाला आईपीसी क धारा तीनि सौ दुइ अब एक सौ एक कहाई। ठगी खातिर लगावल जाये वाला धारा चारि सौ बीस अब धारा तीनि सौ सोरह होई। हत्या क कोसिस बदे लगावल जाये वाला धारा तीनि सौ सात अब धारा एक सौ नौ कहाई, ओहीं दुस्कर्म खातिर लगावल जाये वाला धारा तीनि सौ छिहत्तर अब धारा तिरसठ होई।

**********

प्रदेस में भीसण गरमी अउर लुह क परकोप जारी हौ, जौना से आम लोगिन क जीवन अस्त–व्यस्त हो गइल हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग कई जिलन में अगिला तीनि से चारि दिन खातिर अलर्ट जारी कइले हौ।

लखनऊ क मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि प्रदेस में लुह अउर भीसण गरमी से दिन के साथे–साथ रातियो में राहति मिलले क असार नाहीं हौ। येह समय राति में बीस से तीस किलोमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से पछुआ बेयारि चलि रहलि हौ जवन तापमान के गिरे नाहीं दे रहलि हौ

ओहर, बीतल चउबीस घंटा में प्रयागराज में सबसे बेसी छियालीस दसमलव चारि डिगिरी सेल्सियस तापमान दरज कइल गइल हौ। ओहीं, बनारस में पैंतालीस दसमलव चारि डिगिरी सेल्सियस, सुल्तानपुर में चउवालीस दसमलव आठ डिगिरी सेल्सियस, लखनऊ में चउवालीस दसमलव दुइ डिगिरी सेल्सियस, बहराइच में तिरालिस दसमलव आठ अउर गोरखपुर में बेयालिस डिगिरी सेल्सियस तापमान दरज कइल गइल हौ। एकरे सथहीं कई जिलन में न्यूनतम तापमानों में बढ़ोत्तरी पावल गइल हौ।

**********

हरदोई जिला क मल्लावा इलाका में आजु एगो बालू से लदल ट्रक बेकाबू होके झोपड़ी पर पलट गइल जनवा से एक्के परिवार क चारि लइकन के साथे कम से कम आठ जने क मउति हो गइल। दुर्घटना क सूचना मिलले पर पुलिस मौका पर पहुचल अउर ओइजा क लोगि जेसीबी मसीनि के मददि से ट्रक अउर बालू के हटा के घाही लोगिन के अस्पताल पहुंचवलें, जहवां डाक्टर ओह लोगिन के मृत घोसित कइ दिहलें। ओहर गोरखपुर जिला के गोरखनाथ क रामपुर नया गांव में आगि लगले के नाते एक्के परिवार क दुइ लइकनी झुलसि के दम तूरि दिहलिनि जबकि नौ से बेसी लोगि झुलसि गइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुन्नो घटना पर दुख जतवले हवें अउर अधिकारी लोगिन से पीड़ित परिवार क हर संभव मददि करे क निरदेस दिहले हवें।

**********